

# PREPARASYON ELÈV YO POU SIKSÈ

## YON RESOUS POU PARAN YO: NOUVO TÈS YO. NOUVO REZILTA.

**N**ou dwe li pou pitit nou yo pou asire yo resevwa yon edikasyon k ap prepare yo pou yo fè pwogrè nan yon ekonomi global ak nan lavi sivik. Se rezon sa a ki fè Connecticut te monte nivo a epi te bay yon novo plan ansèyman ki pral prepare timoun nou yo pou kolèj ak karyè.

Novo plan nou an, Nòm Debaz Connecticut, defini egzijans yo pou aprantisaj la pou sa elèv nou yo ta dwe aprann ak kapab fè nan chak nivo klas yon fason pou lè yo diplome nan lekòl segondè, yo pare pou yo gen siksè nan kolèj ak nan espas travay la. Pwofesè ak edikatè lokal yo ap chwazi epi devlope dokiman pwogram akademik lan ak plan lesan an.

Avèk novo egzijans sa yo pou aprantisaj la, Connecticut bezwen novo fason pou evalye pwogrè elèv yo. Evalyasyon yo tankou tchekòp akademik. Yo ede pwofesè yo ak paran yo wè kijan elèv ki sou wout pou janbe nan lòt klas ye ak kote yo dwe ye. Ane sa a, evalyasyon Smarter Balanced ap ranplase ansyen tès eta nou an, Connecticut Mastery Test (CMT) ak Tès Pèfòmans Akademik Connecticut [Connecticut Academic Performance Test (CAPT)], nan lang ak literati anglè ak matematik.

### Vrè ladrès

Nòm Debaz Connecticut konsantre sou panse kritik ak solisyon pwoblèm—ladrès elèv yo bezwen pou yo gen siksè nan kolèj ak karyè. Y ap bay evalyasyon Smarter Balanced sou òdinatè, epitou evalyasyon sa yo la pou evalye ladrès elèv yo nan konpreyansyon lekti, redaksyon, ak kesyon matematik ki egzije pou elèv yo montre yo konprann matyè a toutbon — pa senpleman nwasi yon ti boul.

Smarter Balanced ap ede paran yo ak pwofesè yo pi byen konprann kijan elèv la ap travay nan moman alè pandan ane lekòl la. Rezilta tès la kapab montre matyè kote elèv la ekselan ak kote elèv la bezwen èd siplemantè.



[CTCoreStandards.org](http://CTCoreStandards.org)

## PREPARASYON ELÈV YO POU SIKSÈ

**YON RESOUS POU PARAN YO: NOUVO TÈS YO. NOUVO REZILTA.**

### **Lekòl nou yo prepare**

**Bon nouvèl la sèke 90% lekòl Connecticut bay tès Smarter Balanced yon fwa déjà san pwoblèm.** Avèk chwa a, pifò lekòl ak distri yo te chwazi pou bay tès la ane pase. Li te ede elèv yo ak ekip la vin abitye pran tès yo sou òdinatè. Anjeneral, remak la te pozitif epi teknoloji pifò lekòl yo te pwouve yo pare.

Se se sètènman yon gwo chanjman pou elèv Connecticut ak pwofesè yo—men yon chanjman ki bay bon jan pwomès pou elèv nou yo. **Avèk tranzisyon sa a nou fè a, n ap pi byen prepare timoun yo pou yo satisfè demann kolèj ak mache travay 21yèm syèk la.**

### **Nouvo règ pou evalye siksè elèv yo**

Avèk nouvo tès yo, elèv yo ap resevwa nouvo nòt. **Rezilta yo ap diferan.** Nan anpil ka, nòt yo ap sanble pi ba nan tès Smarter Balanced pase sa yo itilize anpil pou wè nan egzamen CMT/CAPT. Sa vle di, okòmansman, mwens elèv ka resevwa nòt nan nivo siperyè yo. Sa pa vle di elèv yo ap aprann mwens. Olye sa, li montre nou monte nivo a pi wo. Se yon bagay pou nou espere paske **n ap itilize yon diferan règ.** Chanjman an tankou li kòmanse an santimèt nan CMT/CAPT pou rive nan pouz nan nouvo egzamen yo. Si liy final la te fikse nan makè “4,” nou dwe kouvri plis distans pou rive nan 4 pouz olye li kouvri distans pou rive nan 4 santimèt. Rive nan yon “4” toutolon enstriman mezi CMT/ CAPT pa menm avèk rive nan yon “4” toutolon enstriman mezi Smarter Balanced.

**Sa vle di, konpare nòt yo nan CMT/CAPT avèk Smarter Balanced te tankou nou konpare pòm avèk zoranj.** Paske règ la chanje, epi paske egzamen yo ap teste diferan matyè ak ladrès, nou p ap kapab konpare nòt yo.

Eta ki te fè tranzisyon nan nòm yo epi ki pare pou kolèj ak karyè bonè pa t wè yon bès nan nòt yo, men yo wè kèk amelyorasyon tou ane apre ane. Pa egzanp, nan Kentucky, pouvantaj elèv ki diplome nan lekòl segondè epi ki pare pou kolèj ak karyè te ogmante ant 38% ak 62% nan sèlman katran. **Premye chanjman nan nòt Connecticut ta ka pa fè kè moun yo kontan.** Dapre eksperyans eta sa yo, nou kapab espere yon fason rezonab premye rezilta nan nouvo tès yo pral sanble avèk nòt Connecticut nan

Evalyasyon Nasyonal Pwogrè nan Edikasyon [[National Assessment of Educational Progress \(NAEP\)](#)].

Men, tankou eta ki adopte tès yo anvan, nou prevwa **nòt yo pral amelyore yon fason estab nan ane k ap vini yo** pandan elèv yo ak pwofesè yo ap vin gen plis eksperyans nan salklas la avèk nòm yo.

### **Sa paran kapab fè**

Pwofesè nou yo ak elèv nou yo vle fè plis ankò. Lemonn se yon kote k ap vin egzijan ofi-amezi epi edikasyon an dwe evolye pou kenbe ritm li. Ansèyman ak aprantisaj nan salklas yo jodi a sanble pa menm avèk sa anpil paran te konnen.

Gen anpil bagay paran yo ak responsab legal yo kapab fè pou yo prepare pou ede elèv yo avèk tranzisyon an:

- Pale avèk pwofesè pitit yo sou sa ki ta ka diferan ak sou sa yo kapab fè pou ede pitit yo avèk nouvo matyè a lakay yo.
- Mande direkchè lekòl pitit yo si lekòl la gen plan pou òganize yon oryantasyon pou aprann nouvo nòm yo ak tès yo pou yo pi byen konprann chanjman pitit yo genyen nan salklas la.
- Kontakte òganizasyon paran lekòl pitit yo pou wè si y ap òganize yon sesyon pou bay enfòmasyon sou sa paran yo kapab fè pou ede elèv yo lakay yo.
- Depatman Edikasyon Eta a (State Department of Education) ap bay paran yo [resous](#) pou chak nivo klas pou yo kapab ede pitit yo avèk nòm yo lakay yo. Ale sou sitwèb [CTcorestandards.org](#) pou jwenn plis enfòmasyon enpòtan sou chanjman yo. Y ap kontinye ajoute kontni sitou pou paran yo.

Chanjman an difisil. Okòmansman, li ta ka sanble elèv yo gen yon wout long pou ale pou yo satisfè nouvo egzijans yo. Men, pwofesè ak administratè Connecticut yo angaje pou travay ansanm pou kore elèv yo avèk bon jan ansèyman ak resous pou satisfè nouvo nòm sa yo

*Nou dwe li pou pitit nou yo pou asire yo resevwa yon edikasyon k ap prepare yo pou yo fè pwogrè nan yon ekonomi global ak nan lavi sivik.*